

ENSTRIKSYON AK PWOSEDI POU PLENT TIT VI



Konsènan plent Tit VI

Nenpòt moun ki kwè ke yo te fè diskriminasyon sou baz ras, koulè, oswa orijin nasyonal pa Southeastern Regional Transit Authority (SRTA) kapab depoze yon plent Tit VI lè yo ranpli epi soumèt fòmilè plent Tit VI SRTA a. Fòm plent yo dwe depoze pa pita pase 180 jou kalandriye apre dat ensidan an nan kesyon an.

Kijan pou depoze yon plent Tit VI

Metòd pi pito a se pou depoze yon plent alekri lè w ranpli Fòm Plent Tit VI SRTA a, ki disponib sou sitwèb SRTA a, www.srtabus.com. Si w pa sèvi ak Fòm Plent Tit VI SRTA a, plent ou a dwe siyen epi—omwen—gen sa ki annapre yo:

- Enfòmasyon sou kontak ki gen ladan non, adrès postal, nimewo telefòn, ak imel
- Yon deskripsyon ki jan, ki lè, ki kote, ak poukisa ou kwè yo te fè diskriminasyon kont ou, tankou kote, non, ak enfòmasyon kontak nenpòt temwen.
- Lòt enfòmasyon ou panse ki enpòtan

Soumèt yon plent Tit VI ba SRTA

Gen twa fason pou soumèt yon plent Tit VI: pa lapòs, pa imel, oswa an pèsòn.

Depoze yon plent pa lapòs:

Ou ka depoze yon plent alekri epi voye yo pa lapòs nan adrès sa a:

*Maritza Aquino, Interim Title VI Coordinator
Southeastern Regional Transit Authority
700 Pleasant Street, Suite 530
New Bedford, MA 02740*

Depoze yon plent pa imel:

Ou ka depoze yon plent lè w voye yon fòm plent ranpli yon imèl bay info@srtabus.com.

Depoze yon plent an pèsòn:

Ou ka depoze yon plent an pèsòn nan biwo SRTA: 700 Pleasant St., Suite 530, nan New Bedford.

Asistans nan lang

If information is needed in another language, please call (508) 997-6767.

Si se necesita información en otro idioma, por favor llame al (508) 997-6767.

Se a informação for necessária em outra língua, por favor ligue para (508) 997-6767.

Si enfòmasyon nesesè nan yon lòt lang, tanpri rele (508) 997-6767.